



Pou Piblikasyon Imedya: 18/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KREYASYON PLIS PASE 350 TRAVAY AVÈK EKSPANSYON AML RIGHTSOURCE NAN BUFFALO

Pwojè 4.3 milyon dola a pral elaji espas biwo AMLRS la nan Tou Seneca One

Gouvènè Kathy Hochul te anonse AML RightSource, pi gwo antrepriz mondyal sou batay kont krim finansye ki itilize teknoloji, ap elaji nan Buffalo epi pral ajoute 363 anplwaye siplemantè pou sipòte adisyon nouvo sèvis ak kliyan, ki lakòz yon mendèv total nan Buffalo ki nan anviwon 540 anplwaye. Konpayi an ede enstitisyon finansye lokal ak entènasyonal yo, FinTech (konpayi teknolojik ak finansye) yo ak lòt biznis ki respekte règleman kont lavaj lajan ak pou anpeche pwoblèm kriminèl yo. Pwojè 4.3 milyon dola a pral ajoute yon ekstansyon espas biwo nan biwo 20,000 pye kare AMRLS la nan 27yèm etaj bilding ki pi wo nan Buffalo, Tou Seneca One lan.

"AML RightSource se yon lòt istwa siksè pou Lwès New York pandan I ap grandi ak founi plizyè santèn nouvo travay ki byen peye nan Tou Seneca One anblematik la - yon bilding ki te vid kèk ane pase yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sa yo se kalite travay pwofesyonèl ak teknoloji avanse ki pral kenbe nouvo diplome nan kolèj nou yo nan zòn lan, pandan sa ap atire tou lòt talan bon kalite nan rejyon an. Atravè patenarya estratejik avèk konpayi tankou AMLRS, New York ap kontinye akselere rekiperasyon ekonomik apre pandemi nou an nan atire biznis ki toupre ak lwen pou devlope ak elaji yo atravè eta a".

Eta New York, atravè Empire State Development, pral bay jiska 7.4 milyon dola nan kredi enpo Pwogram Travay Excelsior la yo an retou pou AMLRS ka akonpli angajman li ki se kreyasyon travay. Rekonpans ki baze sou pèfòmans sa yo pral pèmèt konpayi an elaji operasyon yo ak kreye 363 nouvo travay sou yon peryòd senk ane, anplis de 175 travay ke konpayi nan Buffalo a te kreye atravè Pwogram Travay Excelsior presedan li an.

Nan fen mwa fevriye a, Gouvènè Hochul te anonse jodi a kreyasyon yon Sant Operasyon Sekirite Konjwent (Joint Security Operations Center, JSOC) pou sèvi kòm sant nève pou inisyativ sibènètik lokal, eta ak federal konjwent yo, sa gen ladan koleksyon done, efò repons yo ak pataj enfòmasyon. JSOC se premye sant kòmman sibènètik nan jan li ki pral bay yon vizyon nan nivo tout eta a sou peyizaj menas sekirite enfòmètik ak amelyore kowòdinasyon sou ransèyman pou menas ak repons a ensidan.

Depi 2004, AMLRS te ede enstitisyon finansye ak FinTech yo satisfè konfòmite obligatwa gouvènman federal la yo avèk règleman ki gen rapò ak idantifikasyon ak rapò aktivite finansye ki sispèk. Konpayi an itilize teknoloji esklizif ak yon ekip mondyal analis ki byen fòme pou swiv aktivite finansye ilisit, ki kapab revele trafik potansyèl moun, finansman teworis, ekspedisyon medikaman ilegal ak lòt konplo finansye nefas.

Kliyan AMLRS yo kouvri bank kominotè ki gen 1 milya dola nan aktif rive nan enstitisyon finansye mondyal ki gen plis gen 1 milya dola nan aktif. Sèvis yo gen ladan siveyans tranzaksyon, jesyon alèt aryere, revizyon dilijans rezonab amelyore ak zafè konsiltatif sou krim finansye. AMLRS te tounen tou yon lidè global nan bay solisyon teknoloji pou baz kliyan k ap grandi li a. Mendèv plis pase 3,000 anplwaye global, sa gen ladan ekspè nan zafè a, atravè 15 kont pou pi gwo ekip pwofesyonèl a tan plen endistri a. Nan 175 moun AML RightSource te anboche nan Buffalo jiskaprezan, 110 soti nan yon kolèj oswa inivèsite nan rejyon an.

AML RightSource te kreye yon filyal nan Vil Buffalo an 2019, li chwazi lokal la akòz pwoksimite li ak operasyon antrepriz Ohio nan nòdès, askè nan yon gwoup kandida pou travay ki kalifye ak talantye epi espas ki disponib pou sipòte yon mendèv k ap grandi. Nouvo lokal li a nan Tou Seneca One, yon sant teknoloji ki gen yon panorama fòmidad sou Lwès New York, konsevwa pou atire pwofesyonèl wo nivo yo.

Gade yon foto Tou Seneca One [isit la](#).

Komisè pa Enterim ak Prezidan epi PDG yo deziyen pou Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Mendèv talantye Lwès New York la ak repitasyon kwasant li kòm yon pwen aksè pou inovasyon teknolojik te premye atire AML RightSource nan Vil Buffalo. Kounye a, konpayi a ap double investisman li yo, kreye plizyè santèn nouvo travay pou Nouyòkè yo nan domèn investigasyon krim finansye k ap grandi vit ak ki vin pi enpòtan".

PDG AML RightSource, Frank Ewing, te deklare, "Se yon gwo opòtinite pou AMLRS, Vil Buffalo ak Eta New York. Avèk menas krim finansye ki prezan nan nivo nasyonal ak global, se opòtintie pafè pou AMLRS kreye nouvo travay pou diplome resan ak pwofesyonèl yo".

Prezidan ak PDG Invest Buffalo Niagara, Tom Kucharski, te deklare, "Rezon ki fè AML RightSource te elaji dabò nan Lwès New York - popilasyon ki travay di nou an, ekonomi inovasyon k ap devlope a, aksesibilite ak lòt ankò - tout sa yo ankò pi vrè toujou jodi a. Nou eksite pou nou wè siksè AML RightSource nan Buffalo Niagara epi pa ka tann pou nou travay avèk ekip la sou yon kwasans kontinyèl".

Senatè Eta Tim Kennedy te deklare, "Pandan n ap rekonstwi New York, nou obsève gwo investisman nan kominote nou an ak mendèv nou an, epi travay sa yo ke AML RightSource ak Moog anonse yo se yon reflè dirèk angajman sa a. Ekspansyon sa pral

kreye opòtinite nouvo, bon kalite pou moun k ap chèche travay epi bati sou patenarya ki deja ap fè vil ak rejyon nou an pwospere apre pandemi an".

Senatè Eta a, Sean Ryan te deklare, "Pandan ekonomi Lwès New York la ap avanse, plis ravay ki peye byen esansyèl pou kreye yon fondasyon solid pou lavni. Plizyè santèn nouvo travay nan AML RightSource pral pote anpil nouvo moun nan rejyon nou an epi ap bay plis opòtinite travay pou diplome lokal yo. Mwen remèsye direksyon ALM RightSource la pou angajman kontinyèl yo anvè Buffalo".

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "AML RightSource ap fè yon travay enpòtan pou asire enstitisyon finansye yo san danje kont move aktè yo. Nou gen chans genyen konpayi sa nan kominote nou an nan bay travay ki peye byen pou rezidan nou yo, pandan konpayi an kontinye grandi nan yon rit ki enpresyonan. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò li nan pwojè ekspansyon sa a. Mwen felisite AML RightSource pou siksè li epi akeyi tout nouvo anplwaye yo nan Buffalo".

Manm Asanble Jon D. Rivera te deklare, "Envestisman AML RightSource nan Buffalo se lòt prèv vitalite ak repriz ekonomik renouvle rejyon nou an. Pwojè sa pral ajoute pwofondè ak yon objektif revigore pou youn nan bilding ki pi anblematik nan vil la, ak pi enpòtan toujou, pral ajoute travay ki byen peye pou ekonomi Greater Buffalo-Niagara".

Majistra Byron W. Brown te deklare, "Desizyon AML RightSource pou ogmante mendèv li ak elaji operasyon li yo nan katye Larkintown nan Vil Buffalo se yon nouvell mèveye. Konpayi an te deja depase lontan 100 travay ki byen peye ke li te pwomèt kreye an 2019, epi mwen kontan anpil li pral ogmante kantite anplwaye li yo nan anviwon 540. Sa se lòt prèv ke kominote teknoloji avanse Buffalo a ap grandi epi se yon motè kle repriz kontinyèl Vil nou an".

Pou jwenn plis enfòmasyon sou AML RightSource, tanpri vizite <http://www.amlrightsouce.com>.

###

Lòt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU